

**Ikinyamakuru
ca Ekleziya
Gatolika
Umwaka wa 72
Gisohoka kabiri mu
kwezi
Ikiguzi : 500FBu**

NDONGOZI Y'UBURUNDI

Adresse : Candikirwa, kigasohorerwa muri Ndongezi y'Uburundi.
Avenue de la mission n° 06



«Jewe ndi wa mwungere mwiza»
Jn 10, 11a

Email: ndongozi.journal1939@gmail.com

Facebook : Journal ndongozi y'uburundi

B.P 690 Bujumbura. Tél.: 222762. WhatsApp 71532337 N°843 15Mukakaro 2025

«Kuva ubu sinkibise abasuku nabise abagenzi banje»



Diyoseze Nkuru ya Bujumbura yaraye yungutse abatumwa bashasha, nabo bakaba bagizwe n'abasaserdoti 9, abadiyakoni 12, abakorezi 12, n'abasomyi 10. Aho hakaba hari ku wa gatandatu igenekerezo rya 05 Mukakaro 2025.

Urwo rubanza rwiyatirwa ry'abasaserdoti n'abadiyakoni bashasha rwabereye muri Paruwase Rushubi yitiriwe Fransisko Mweranda, ku kibuga c'inkino co ku Ruyange rwa Sare, iruhande y'ibiro vy'intara ya Bujumbura.

Nk'uko ijambo ry'iremezo

Soma ku Rup. 5

Abakozi ba Ndongezi

Uwujejwe uruganda:

* *A. Noël NTIRANDEKURA*

Abamenyeshamakuru:

* *A. Noël NTIRANDEKURA*

* *Mélance NDAYIKEZE*

* *MSV Marie Goreth NDIKUMANA*

Uwujejwe ubuhinga:

* *Chanel HARINGANJI*

Umunyamabanga:

* *MSV Marie Goreth NDIKUMANA*

Umunyabigega:

* *MSV Nadine HARAGIRIMANA*

Uwujejwe imigenderanire:

* *J. de Dieu NDIKUMANA*

Tumenye ivyo twemera, tubigendere, bidukomeze mu kwemera

Amabwirizwa canke Amategeko y'Imana mu Gitabu c'Ihunguka.

Abayuda bacita gutyo, kuko babanza kwerekana no kuvuga imiryango n'amazina ya Bene Israyeli bari baherekeje Yakobo mu Misiri. Mu nyuma rero baca bavuga ingene bavuye mu Misiri.

Kera ico gitabu bacita "Ihunga" bisunze abo bavugwa bagiye mu Misiri, ariko kubera y'uko ihangiro nyamukuru riri mu kwerekana ingene bavuyeyo, ni co gituma ubu bacita "Ihunguka".

Mu ncamake, ico Gitabu c'Ihunguka cigana ingene Abanyisrayeli bari bashumbiye Farawoni bavuye mu Misiri barongowe na Musa (Ihunguka 1,1—14,14).

Bamaze kujabuka Ikiyaga gitukura, bahavuye bashika ku musozi wa Sinayi, Imana ibona kwunga ubumwe na bo mw'Isezerano, ibaha n'amabwirizwa bazohora bagenderako, barahava barashinga n'Ihema ry'Ibonaniro (Ihunguka 14,15—40,38).

Soma ku Rup. 5

Ibirimwo

o Akanovera k'indero mu mashuere yisumbuye kifashe gute?.....7

o Impinduka nshasha mu burongozi bw'intara n'amakomine.....8

o IAbantu botegera bate ubuzima bwo mw'ibohero?.....9

o Uburenganzira bw'ukwishira n'ukwizana.....10

Idominika ya 16 : Umwaka C

Igisomwa ca mbere: Amamuko: 18,1- 10

Ivyo dusoma mu gitabu c'Amamuko :

(Ibrahimu aramutswa n'Imana)

Umunsi umwe, Umukama yabonekeye Ibrahimu ku giti c'i Mambre, imbere y'inzu, mu gihe c'amashoka. Ibrahimu araramuye amaso, abona abantu batatu bahagaze iruhande yiwe. Ngo ababone, aca ava hasi, ariruka kubanganira, akubita ibipfukamiro hasi, ati : « Mukama, ninaba ndabikwiye, nturungane umusavyi wawe. Ririndira bazane utuzi, mwoze ibirenge, murihukire munsu y'iki giti. Hinge nje kurondera utwokurya muhereze umutima, mubonereho kubandanya urugendo rwanyu, ko mwaciye iruhande y'umusavyi wanyu. » Nabo bati : « Genda ugire nkuko ubivuze. » Ibrahimu ariruka n'imuhira, abwira Sara ati : « Rondera n'ingoga ivyibo bitatu vy'ifu, ucumbe imikate. »

Ibrahimu arabandanya no mu busho bwiwe, afata inyana nyayo kandi inuze, ayiha umusuku wiwe, nawe aca arayibaga. Afata amata y'urubu n'imfyufyu, n'inyama za ya nyana yabaze, abitereka imbere yabo, araheza ahagarara munsu ya ca giti, nabo barafungura.

Baramubaza bati : « Umugore wawe sara ari hehe ? » Na we ati : « Ari mu nzu. » Umushitsi asubizayo ati : « Nzogaruka iwawe mu mwaka utaha, kandi umugore wawe sara azoba ahetswe. »

Igisomwa ca kabiri: Abanyakolosi 1, 24-28

Ivyo dusoma mw'ikete Umutumwa Paulo yandikiye Abanyakolosi :

(Kristu aserukira mu buzima bw'umutumwa)

Ncuti zanje :

Ubu ndanzerewe mu kubabara ku bwanyu, kandi ivyasigaye ku magorwa ya Kristu ndabiherahereza mu mubiri wanjye kubw'umubiri wiwe ariwo Ekleziya. Niyo nashinzwe gukorera kubera rya teka natewe n'Imana ry'ukubigisha bimwe birangutse ijambo ryayo, ryo kubagobororera rya banga ryahishijwe imyaka abantu ba kera, rigaseruka ubu mu beranda bayo.

Koko, hagati y'ibihugu vy'abapagani, Imana yarashimye kubamenyesha iri banga ry'agaciro ntangere; na ryo ni Kristu avaygiye muri mwebwe, we Mizero yanyu muzeyeko ubuninahazwa. Niwe tumenyesha mu guhanura no mu kwigisha umuntu

wese, tukabigirana ubwitonzi, kugira ngo umuntu wese yumugire umuntu abushitse muri Kristu.

Inkuru nziza: Luka : 10, 38- 42

Alleluya, Alleluya.

- **Hahiriwe abazigama ijambo ry'Imana mu mutima mwiza w'umwete, bagaheza bakagira ico bimariyira kuko bahozako.**

Alleluya.

Ivyo dusoma mu Inkuru Nziza ya Yezu Kristu nkuko twayishikirijwe na Luka:

(Yezu azimanwa kwa Marita na Mariya)



Umunsi umwe, Yezu yari ku nzira, ari kumwe n'abigishwa biwe; hanyuma yinjira mu muhana, umugore yitwa Marita aramutumira iwe. Naho hari murumunawe yitwa Mariya, yicara iruhande y'Umukama, yumviriza amajambo yiwe. Marita yarakora yitwararika ivy'inzimano. Arahagarara ati: "Mukama, ntubona ko mwenewacu andeka ngo nkore jenyene? Mubwire aze amfashe." Umukama aramwishura ati: "Marita, Marita, uriko wigora kandi wiruka muri vyinshi: Ikintu kigoye ni kimwe rudende: Mariya yatoye ikiruta ikindi, ntawuzokimukurako."

Kumenyesha Inkuru nziza n'ukuremesha ukwemera

Ijambo rishikirijwe n'Umwepiskopi arongoye umugwi mpanuzwajambo w'Inama y'Abepiskopi Gatolika b'i Burundi, mu vyerekeye kumenyesha Inkuru nziza, ku butumwa bw'amezi ya Mukakaro na Myandagaro.

Bakristu dusangiye ukwemera, tukanasangira n'ubutumwa bwo kumenyesha Inkuru nziza ya Yezu Kristu kw'isi yose,

Kw'izina ry'Inama y'Abepiskopi bacu, yanshinze kurongora mugwi mpanuzwajambo wayo mu vyerekeye kumenyesha Inkuru nziza n'ukuremesha inyigisho nkomeza kwemera, ndabaramukije amahoro ya Kristu.

Mu madiyoseze agize Ekleziya iri mu Burundi, ibikorwa vya Papa vyo kumenyesha Inkuru nziza, biramaze kuhashika; mbere abakristu batari bake barabizi kandi bahurikiye muri vyo.

Ivyo bikorwa uko ari bine, vyerekana ingene umuryango w'Imana witanga mu gushigikira ubutumwa bwo kumenyesha Inkuru nziza.

Twotegera ko ari vyo bigize uburyo bwa mbere bwo guhimiriza no gukabura ku wabatijwe wese, umwitwarariko w'ubutumwa bw'Ekleziya, no gufasha ama -Ekleziya akeneye gushigikirwa.

Ugushigikirana mu ma -Ekleziya biragaragaza ya ngendo ya yubile tu-

rimwo ko turi "Abasangirarugendo kubw'ukwizigira".

Kristu niwe Mizero yacu; ni vyiza rero ko yomenyekana kw'isi yose ngo abantu bagire agahimbare n'amahoro. Papa Lro wa XIV, mw'ijambo yashikirije ku wa 22 Rusama 2025, avuga ko "isi yacu, yakomerekejwe n'intambara, agahotoro n'akarenganyo, ikeneye kuyagirwa Inkuru nziza y'urukundo rw'Imana no kwinovora ububasha butunyanishwa bw'inema ya Kristu".

Vya bikorwa vya Papa vyo gukwiza hose Inkuru nziza biraheza bikaba imihora irashe y'uko ababatijwe bose, umw'umwe ku rugero rwiwe, bitanga ngo abantu bamenye Kristu we Mwami w'amahoro n'ubutungane.

Igikorwa ca Papa citiriwe Petero mweranda ni kimwe muri ivyo bikorwa.

Mu mwaka w'1889, niho catanguzwa n'umwigeme Yohana Bigard, afashijwe na nyina wiwe Stefabiya Cottin Bigard.

Papa Léon wa XII ni we yashinze ko coba igikorwa kiraba Ekleziya yose; maze Papa Pio wa XI, kw'igenekerezo rya 3 Rusama 1922, agishira mu mutigiri w'ibindi bikorwa vya Papa vyagitanze imbere (Igikorwa co gukwiza kw'isi yose Ukwemera, n'Igikorwa c'Imikangara y'Imana). Imvo yatumye ico gikorwa gitangura ni

ukwunganira ubutumwa n'ubuzima bw'abasaserdoti b'imvukira n'abihebeyimana mu miryango y'aba-Kristu.

Hano iwacu mu Burundi, musanzwe muzi ko turi muri yubile y'imyaka 100 kuva turonse abasaserdoti ba mbere b'imvukira. Borabereye ko dukenguruka kuko ubu Ekleziya iri mu Burundi iramaze kuvyara abasaserdoti b'imvukira bagera ku gitigiri c'1300.

Igikorwa ca Papa citiriwe Petero Mweranda kirabifisemwo uruhara rudasanze kuko kirakabura kandi kigakuza inyota y'abasaserdoti mu miryango y'aba-Kristu.

Ni co gitunganya ingene ama-Ekleziya yoshigikira ubutumwa bwo kumenyesha Inkuru nziza biciye mu gisabisho, mu twigoronomumfashanyo ngo habe ukwunganira itegurwa ry'abasaserdoti b'ejo, abihebeyimana be no kwunganira mu bikenewe mu nyigisho zitegura abarezi babo.

Ni muri iyo ntumbero, ico gikorwa cegeranya kandi kigasabikanya imfashanyo z'uburyo bwunganira amaseminari n'amanovisiya, ifashijwe n'imiryango y'aba-Kristu bagiwe imbere n'abungere babo.

Aha iwacu, ubwo butumwa bwo kuremesha no gushigikira ico gikorwa bwahariwe ku buryo budasanze amezi y'ukw'indwi n'ukw'umunani. Haraherezwa ibi-

sabisho, hakegeranywa n'intererano mbere hakaba no kugendera imigwo y'itorwa ngo hibutswe ka kamo k'Imana igira iti: "Mbega nzo-tume nde?" (Izaya 6,8).

Ni na co gituma, kuva kw'igenekerezo rya 4 gushika ku rya 12 Mukakaro, hatunganijwe igisabisho c'iminsi icenda, gifise icivugo ngo: "Dusabire abo Imana yitoreye ngo ibatume mu murima wayo, tuhakure n'umutima wo kubunganira mu vyo bakenera". Aba mbere baturumirwe kwitaba ico gisabisho ni abahurikiye mu mirwi y'itorwa, imirwi ndemeshatorwa n'amahuriro yo kumenyesha Inkuru nziza ari yo arimwo abaseminari, abanovisi n'imiryango.

Iyi yubile y'imyaka ijana iratwibutsa uruhara rw'abasaserdoti mu kumenyesha Inkuru nziza. N'ubu umuryango w'abantu uracakeneye abitanga ngo bakore mu murima w'Imana, gutyo, ivyimbirwa bigume ari vyinshi. Muri uyo murima, ibikorwa birahari, abakozi bakaba bake.

None rero, uguhimiriza urwaruka ngo rwumve umuhamagaro rwongere rwitabe ni igikorwa ngombwa. Bisubiye, abitaba akamo k'Umukama barakenera gushigikizwa igisabisho n'izindi ntererano bitegurire neza ibanga Imana ibahamagarira gutorana.

Uko abantu bagwira

Ibik. urup.6

«Kuva ubu sinkibise abasuku nabise abagenzi banje»

(Bitangurira ku rup.1)

ry'urwo rubanza ryavugaga riti: «Sinkibise abasuku, nabise abagenzi banje» (Yohani 15,15), n'iryo n'Umwepiskopi mukuru wa Diyoseze nkuru ya Bujumbura Musenyeri Gerevazi Banshimiyubusa yashimikiyeko, yibutsa aba batumwa bashasha b'Umukama ko batogarukira gusa ku kuba abasuku, ahubwo nyabuna ko boshika ku rugero rwo kuba abagenzi ba Kristu no kumuronderera abagenzi. Ati : « Muhamagariwe kuba abagenzi ba Yezu, basangira umutima na We, kuko ari ho honyene mwoheza mugashobora ubutumwa muhamagariwe bw'ugushikiriza abantu urukiza. Imana ntibahamagarira kuba abakozi mu murima wayo ngo muyifashe mu vyimbirwa, kuko ivyo gusa ntibihagije. Ahubwo nyabuna muhamagariwe gushika ku rugero rwo kuba abagenzi ba Yezu, Umusaserdoti mukuru, kugira ngo buke buke aje arabigisha kuba na mwe abasaserdoti bamwigana, bikarinda uwatowe kuba umukozi munyakazi canke umucangero, yironderera inyungu gusa akura mu kazi. Ukuba abagenzi pfampfe ba Yezu ni ukuvuga abantu barondera kwunga ubumwe na Yezu, gusangira na we umutima, kugira ngo musigare mubona ibintu nk'uko na We abibona, gutyo mushobore gukora nk'uko We nyene yokora. Na none ukugira umutima umwe na Yezu mu kumubera umugenzi ni vyo biha ingoga umu-



tumwa, bigatuma yama abona igikenewe, kandi akagikora ataruha. Haba hasigaye ko uwutowe yitwararika gushira imbere ibimutuma arushirizaho kuba umugenzi wa Yezu, kuguma mu bunyanyoni na We, ahereye ku gukunda no kuzigama amajambo y'Imana amurikira abantu ngo bamenye ishaka ryayo ».

Abatiwe mw'ibanga ry'Ubusaserdoti-busuku ni 9, nabo ni:

Diyakoni Béni Nobel Mpore avuka muri Paruwase Kinama,

Diyakoni Dieudonné Ndiokubwayo avuka muri Paruwase Jenda,

Diyakoni Christophe Ndikubwayo avuka muri Paruwase Bukeye,
Diyakoni Eric Nininaha-zwe avuka muri Paruwase Mubimbi,

Diyakoni Laurent Niragira avuka muri Paruwase Mutumba,

Diyakoni Jean Marie Vianney Niyonzima avuka muri Paruwase Munanira,

Diyakoni Zacharie Nyan-goma avuka muri Paruwase Ruziba,

Diyakoni Désiré Nzohabonayo avuka muri Paruwase Rushubi,

Diyakoni Cyriaque Sindayigaya avuka muri Paruwase Rushubi.

Abatiwe mw'ibanga ry'ubudiyakoni ni 12, na bo ni:

Faratiri Bridget Brax Akimana avuka muri paruwase Ngagara,

Faratiri Emmanuel Ingabire avuka muri Paruwase Kivoga,

Faratiri Zélote Kiberwa avuka muri Paruwase Munanira,

Faratiri Noé Ndayike-ngurukiye avuka muri Paruwase Buterere,

Faratiri Fabrice Ndayisenga avuka muri Paruwase Bukeye,

Faratiri Jérôme Ndayisenga avuka muri Paruwade Mutumba,

Faratiri Trésor Ndayisenga avuka muri Paruwase Musaga,

Faratiri Janvier Ndikumana avuka muri Paruwase Bukwavu,

Faratiri Thierry Nshimirimana avuka muri Paruwase Matara,

Faratiri Vianney Nshimirimana avuka muri Paruwase Mubimbi,

Faratiri Raoul Nyambiri avuka muri Paruwase Kinindo,

Faratiri Isaac Claver avuka muri Paruwase Buziracanda.

Mw'ijambo ryo gukenguruka, uwaserukiye abatiwe mu busaserdoti, Patiri Cyriaque Sindayigaya, avuka muri iyo Paruwase Rushubi, yasavye abakristu kubakira nk'ingabire Imana ibahaye, bakabakira batavuye ubuto bakiranywe. Ahubwo ngo bazogume babasabira ku Mana bashobore kuzigama iryo banga rihambaye kandi rihimbaye binjiyemwo.

Mwomenya ko iyatirwa nk'iryo ry'abasaserdoti n'abadiyakoni vyaheruka kubera muri Paruwase Rushubi mu mwaka w'1988.

Patiri Noël Ntirandekura

Tumenye ivyo twemera, tubigendere, bidukomeze mu kwemera

Amabwirizwa icumi - amajambo icumi dusanga mu gitabu c' Ihunguka 20, 1-17. (Soma kandi Amategeko 5,6-21).

Ihunguka 20, 1-17:

Imana ivuga aya majambo yose iti: «Ni jewe Umukama Imana yawe nagukuye mu gihugu ca Misiri, mu nzu y'ubuja. Nta zindi mana uzombangikanya mu kwihi-ngurira igishusho kibaje, canke ikiri n'agashusho k'ikiri hejuru kw'ijuru, k'ikiri hasi kw'isi, canke k'ikiri mu mazi muni y'isi. Ntuzokubita ibipfukamiro imbere y'ivyo bishusho, kandi ntuzobibera umusuku, kuko ari jewe ndi Umukama Imana yawe, Imana y'ishari.

Mpanira n'abana icaha c'abavyeyi gushika ku buzukuru no ku buzukuru aho banyanka, ariko nkagirira ikigongwe ibihumbi vy'abankunda bagakurikiza amategeko yanje. Ntuze urahirire ubusa izina ry'Umukama Imana yawe, kuko Umukama atazoreka guhana uwurahirira ubusa izina ryiwe.

Urama wibuka umusi w'Isabato kugira ngo uwutagatifuze.

Uzokora mu misi itandatu, urangure imirimo yawe yose, ariko umusi ugira indwi ni Isabato y'Umukama Imana yawe.

Nta gikorwa na kimwe

uzokora, yaba wewe, yaba umuhungu wawe, yaba umukobwa wawe, yaba umusuku wawe, yaba incoreke yawe, vyaba ibitungwa vyawe, canke inyambukira uhayeho indaro mu bisagara vyawe.

Kukaba nkako, mu misi itandatu, Imana yaremye ijuru n'isi, ikiyaga n'ibiri muri vyo vyose, iruhuka ku musu ugira indwi. Ni co gituma Umukama yahezagiye umusi w'Isabato arawutagatifuza.

Sonera so na nyoko, kugira ngo uzorambire mu gihugu Umukama Imana yawe agira aguhe. Ntuzokwice.

Ntuzosambane. Ntuzokwibe. Ntuzoremere ikinyoma mugenzawe.

Ntuzokwipfuzwe inzu ya mugenzawe; ntuzokwipfuzwe umugore wa mugenzawe, canke umusuku wiwe, canke incoreke yiwe, canke impfizi yiwe, canke indogobwe yiwe, canke ngo wipfuzwe ikintu na kimwe ca mugenzawe.»

Ng'ayo amabwirizwa cumi Imana yashikirije Abanyisrayeli kugira ngo nibayarangura, babone kuguma mu bunywani na Yo kandi bakomeze urugendo ruzobashikana muri ca gihugu c'Isezera, gitemba amata n'ubuki kandi bazokigumemwo batekaniwe.

Ku bibaza ko Ekleziya yahinduye amabwirizwa

y'Imana, haba namba! Ekleziya yashatse kuyapfunyapfunya ata co iyahinduyemwo.

Ng'uku uko yashashimye kandi agaca yoroha kubona neza:

1. Usenge Imana yo nyene nsa uyikunde uyikunde kuruta vyose;
2. Usonere izina ry'Imana;
3. Uhimbaze umunsi w'Imana;
4. Usonere so na nyoko;
5. Ntiwice;
6. Ntusambane;
7. Ntiwibe;
8. Ntubeshe;
9. Ntiwipfuzwe gusambana;
10. Ntiwipfuzwe kwiba.

Mu kigabane ca 21 c'ico gitabu c'Ihunguka, Imana ntiyibagiye ko abantu ari ba mahindagu. Yarashinze **Amategeko yubahiriza umuntu, haba gukubita canke ugakomeretsa umuntu.**

Ihunguka 21, 1-11:

1 Ng'izi ingingo uzobashikiriza:

2 “Niwagura umusuku w'Umuhebereyi, azokora imyaka itandatu; mu wugira indwi, azoshobora gutaha mu mwidegemvyo ata co atanze.

3 Niyaba yaje wenyene, azotaha wenyene. Niyaba yari afise umugore, umugore wiwe azotahana na we.

4 Niyaba shebuja ari we yamuhaye umugore; uwo mugore akamuvyarira

abahungu canke abigeme, umugore n'abana biwe bazoba aba shebuja, na we atahe wenyene.

5 Ariko umusuku niyavugaga vy'ukuri ati: 'Ndakunda databuja, umugore wanje n'abahungu banje, sinshaka kuba mu mwidegemvyo',

6 shebuja azomwegereza Imana, amwegereze urugi canke igishimariyango kandi shebuja amutobore ugutwi n'uruhindu, hanyuma amukorere imyaka yose.

7 Igihe umuntu azogurisha umukobwa wiwe bwa ncoreke, ntazotahana nk'uko abasuku bataha.

8 Adashimisha shebuja yari yamutoye ngo abe uwiwe, shebuja azomureka acungurwe. Nta-zogira ububasha bwo kumugurisha ku banyamahanga, yoba amuhemukiye.

9 Niyamushingira umuhungu wiwe, azomubungabunga akurikije ingingo igenga abakobwa.

10 Niyabira uwundi mugore, uwa mbere ntazomugabanya ibifungurwa, impuzu, n'uburyamo.

11 Atamushikiye kuri ivyo bintu bitatu, azoshobora kwigira ata co atanze, ata mahera atanze.

Ihunguka 21,37-22,1-3
Ubusuma bw'ibikoko.

Kumenyesha Inkuru nziza n'ukuremesha ukwemera

n'imirimo ikongereka-na, niko n'ubutumwa bugwira kuko na none, umuco w'Inkuru nziza utegerezwa gushikanwa mu mice yose y'ubuzima bw'abantu.

Umusaserdoti ni ingabi-re idasanzwe Imana iha umuryango w'abantu. Yatirirwa ugusukurira igihugu c'Imana ; ni co ahamagarirwa kandi ni co abereyeho. Ubusaserdoti busuku ni ko karanga kiwe, arakeneye gusabirwa ngo yame abangukirwa kwitangako ishikanwa rizima mu butumwa bwiwe.

Uko yitangira abandi ni ko nawe akenera kwunganirwa muri ibi na bi-riya, mbere bigahera ku kiringo c'aho yitegurira iryo banga.

Ba-Kristu dusangiye ukwemera, ihimbazwa rya yubile y'imyaka 100 kuva turonse abasaserdoti b'imvukira, niritubere akaryo ko gutangarira no kwinovoraivyiza Imana yashimye gucisha ku bo yitorera, bagsigwa amavuta meranda ngo bayimenyeshe hose.

Twibuke rero uruhara rw'Igikorwa ca Papa citiriwe Petro Mweranda,

mu ntambwe zitandukanye bagiye baracamwo ngo bashikire iryo banga. Bitayeko, ico gikorwa ni ngirakamaro mu guterera muri ivyo vyose vye-rekeye inyigisho zitegu-ra abashaka kwihebera Imana mu Bafurera no mu Babikira bavuka mu ma-Ekleziya ya vuba.

Ndangije mpimiriza abari muri ico gikorwa ca Papa citiriwe Petro Mweranda kurushirizaho kwitanga no guhimiriza urwaruka n'abavyeyi ngo baturumbire ubutumwa mu migwi igize ico gikorwa ngo ya

Nkuru nziza ya Kristu ibandanye isamirana hose. Na twe aba-Kristu dushigikire ico gikorwa twivuye inyuma.

Bikira Mariya, Umugabekazi w'abatutuma, nadusabire inema yo kwitanga mu butumwa.

Ku bw'Umugwi mpamuzwajambo w'Inama y'Abepiskopi Gatolika y'Uburundi ujejwe Ubutumwa bw'ukumenyesha Inkuru nziza.

Musenyeri Georges Bizimana.

Patiri Noël Ntirandekura

Tumenye ivyo twemera, tubigendere, bidukomeze mu kwemera

37 Igihe umuntu yivye impfizi canke intama, akaba yamazwe kuyibagacanze kuyigurisha, iyo mpfizi azoyiriha impfizi zitanu, iyo ntama azoyiriha intama zine.

22, 1 Igisuma gifashwe kiriko kiramena urugo, kigakubitwa kigapfa, amaraso yaco ntazohorwa. 2 Nihaba ari ku murango, amaraso yaco azohorwa. Igisuma kizotegerezwa gutanga indishi. Ata co gifise naho, kizogurishwa kubera ico civye. 3 Icibwe nibakigifatana mu minwe kikiri kizima, yaba impfizi, indogobwe, intama canke impene, kizotanga indishi incuro kabiri.

Umukama yatanze ingingo zerekeye Ukwonona ivy'abandi.

4 Umuntu niyonesha umurima canke imizabibu, akaragira ibitun-

gwa vyawe mu murima w'uwundi, indishi azotanga, ni ivyimbura vyizavyiza vyo mu murima wiwe, n'imizabibu myizamyiza yo mu murima wiwe w'imizabibu.

5 Igihe umuriro wadutse ukihereza amahwa, ukarigita imikama y'ingano, izigeze kwimbura canke umurima wose, uwawudometse azotegerezwa gutanga indishi y'ivyahiye.

6 Igihe umuntu yabikije amahera canke ibikoresho mugenziwe, bakabimwibana mu nzu iwe, igisuma kibonetse, kizotanga indishi incuro kabiri. 7 Igisuma kitabonetse, nyene inzu azoja imbere y'Imana, kugira ngo yemeze ko atakojeje iminwe ku bintu vya mugenziwe. 8 Ikintu cose kirimwo amatati mu vyerekeye impfizi, indo-

gobwe, intama canke impene, impuzu canke ikintu cose catakaye, maze bakavuga bati: 'Ni ico', imburano z'abo bantu babiri zizoshikirizwa Imana, uwo Imana izokwerekana ko atsinzwe, azoha mugenziwe indishi incuro kabiri.

9 Igihe umuntu yabikije mugenziwe indogobwe, impfizi, intama canke ikindi gitungwa ico ari co cose, hanyuma kigapfa, kigakomereka canke kikibwa ata wabibonye, 10 abo baburanyi babiri bazorahira kw'izina ry'Umukama, bemeze ko ata wakojeje iminwe ku bintu vya mugenziwe; nyene igitungwa azovye-mera, kandi uwo wundi ntazoheza ngo atange indishi. 11 Ariko nicaba ico gitungwa cibwawe iwe, azoha indishi nyeneco.

12 Nicaba ico gitungwa

catandaguwe, azocerekana bakibone, ntazotanga indishi y'igitungwa catandaguwe.

13 Igihe umuntu yatiye mugenziwe igitungwa kigakomereka, canke kigapfa, nyeneco atari ho ari, azotegerezwa kumuha indishi. 14 Ariko ivyo bibaye nyeneco ari ho ari, nta ndishi azotanga. Nicaba cakoteshejwe, azozana amahera yagikoteshejeko.

15 Igihe umuntu azoryosharyosha umukobwa w'isugi atarasabwa, bakaryamana, azotegerezwa gutanga inkwano, ace aba umugore wiwe. 16 Se wiwe yanse kumumushingira, uwo mugabo azotanga amahera bakwa umukobwa w'isugi.

*Biracaza
Patiri Noël Ntirandekura*

Akanovera k'indero mu mashure yisumbuye kifashe gute?

Umuntu yihweje umwimbu w'abanyeshure mu gihugu c'Uburundi, aho abatari bake badashikana amanota angana ibice 50% kw'ijana mu kibazo ca Reta ntiyoreka kwibaza iki kibazo gikurikira:

Ni kuki abanyeshure batari bake bayoberwa iki-bazo ca Reta?

Ng'ico ikibazo catumye Kaminuza Ninahaza Imana (Laudato Si) yitiriwe ikigazi (ULP) yo mu Rumonge, ibicishije mu bushakashatsi igira mu ntumbero ya Kaminuza, yashimye kurondera kwishura ico kibazo.

Ubwo bushakashatsi bwakozwe n'abigisha babiri Dr. Savin Niyonsaba na Dr. Concilie Nduwimana, babukorera mw'ishure rimwe ryo mu Rumonge ryitiriwe Umweranda Ogustino. Bukaba bwabaye mu kiringo c'amezi 3 (kuva mu kwezi kwa 2 gushika mu kwa 5).

Ico gikorwa cashitse kuri ibi bikurikira:

Ku bw'abo bigisha babiri bagize ubwo bushakashatsi mu ntumbero yo kumenya igituma abanyeshure bananirwa ari benshi ikibazo ca Reta, ubwa mbere haribonekeza ukudabukirwa kw'abanyeshure, abigisha, abavyeyi n'abarezi. Ivyo bigatuma abanyeshure badafata umwanya ngo bige.

Mu bituma abanyeshure badebukirwa harimwo kubona ko n'abari imbere yabo bahejeje amashure batagira akazi

maze bakabona ko naho boheza amashure ataco bazokwunguka bagaca biga bigurintege. Ariko kandi ngo hari n'abarezi babaha akarorero kabi bakababwira amajambo adahumuriza nk'aya: "niwaba wiga utagira uwo uzosubirira mu kazi gomba ubireke; genda kurongorwa amashure y'umukobwa ni umugabo, amashure y'ubu ni foroma ntahe, n'ayandi majambo.

Imvugo zica inkokora ntiziri mu bigisha gusa. Ziri mu bavyeyi, zikaba mu rwaruka, eka mbere no mu barezi bamwe bamwe. Inkurikizi y'ayo majambo ngo ni uko abanyeshure bamwe bamwe baca baza

kubinonosora neza.

Ivyo babivuga mu gihe umwaka wa 6 n'uwigumi yakuweho, bagasaba bashimitse ko iyo myaka yosubizwaho. Babisaba kandi kuko babona amasaha yategekanijwe mu kwiga indimi cane cane igifaransa yagabanutse cane ku buryo umunyeshure aheza amashure yisumbuye adashobora kuvuga no kwandika mu gifaransa kandi ari rwo rurimi n'ibindi vyigwa vyigishwamwo eka mbere n'akazi ahenshi nico gikoreshwa. Ngo ivyo bituma badakurikira neza bikanabagora kwishura ibibazo kuko batabitegeraye.

Ubwa gatatu hariboneke-

Ngo amatati nk'ayo, mbere n'amatati abera mu miryango biratuma umunyeshure aguma avyiyumvira bikamubuza gukurikira neza. Abavyeyi nyene ngo kenshi barashigikira abana babo baheba amashure bakaja kudandaza mbere ngo bakabaha umutahe.

Bamwe mu bavyeyi kandi ngo barafasha abana babo guheba amashure mu kubarihira amahera yo kuja hanze aho kubahimiriza ngo babanze bige baheze amashure.

Ivyo ngo biri mu bisamaza n'abasigaye kuko aho kwiga ngo baguma baraba ivyo abandi bariko barashikako: amazu bubaka, imfashanyo abari hanze barungikira ababo, n'ibindi.

Ubwa kane ngo mu bituma abanyeshure bayoberwa harimwo gukoresha nabi ubuhinga bwa none bwo guhanahana amakuru cane cane ubuhinga ngurukana-bumenyi. Benshi bagira bati nivyoye ku mashure birabujijwe gukoresha amaterefone mugabo muhira abanyeshure barazikoresha zikabasamaza, zikabatesha umwanya bandikiranira udukuru n'abagenzi gusa ata kintu c'akamaro bariko barakora. Ivyo vyose ngo biba mu gihe ishure n'imiryango nyene ata co bariko barakora ngo ubwo buhinga bukoreshwe ku nyungu y'umunyeshure n'ishure nyene.

Muti none hokorwa iki?



mw'ishure baje gushusha intebe gusa, gutyo kuja kw'ishure bigahinduka guta umwanya canke guheza umwanya

Ubwa kabiri ngo abigisha nabo nyene hari aho bibagora gukurikira abanyeshure kubera ubwinshi bw'abo banyeshure benshi mw'ishure rimwe. Mbere ngo impinduka y'ivyigwa mu mashure yatumye ivyo bategerezwa kwigisha ku mwaka biba vyinshi, gutyo ntibabironkere umwanya wo kubiheza no

je ko abavyeyi nabo nyene rimwe na rimwe badebukirwa ntibakurikirane abana babo cane cane mu bikorwa batagerezwa gukorera muhira mugabo kandi ngo benshi ntibaca ku mashure kugira ngo bavugane n'abigisha bamenye ingene umwana atera imbere canke asubira inyuma. kandi ngo bamwe bagatata n'abigisha nk'iyi bahanye umwana ari mu makosa, aho bohashitse ngo bayage bongere bafashanye gukosora umunyeshure atitwara neza.

Biracaza

Patiri Noël Ntirandekura

Impinduka nshasha mu burongozi bw'intara n'amakomine

Yisunze itegeko bwirizwa N°1/05 ryo ku wa 16 Ntwarante 2023, ishinga intara, amakomine, amazone n'imitumba canke amakartiye mashasha n'itegeko n°1/12 ryo ku wa 5 ruheshi 2024 ritunganya amatora mu Burundi, inyuma y'aho Inama Nkenguzamateka yemereje ba Buramatari bashasha, Umukuru w'igihugu Evariste Ndayishimiye yaciye ashinga itegeko rigena ba Buramatari b'intara nshasha. Na bo ni :

* Umupfasoni **Denise Ndaruhekeye** agiye kurongora intara ya Buhumuza;

* Général-Major **Aloys Ndayikengurukiye** intara ya Bujumbura;

* Umushingamateka **Parfait Mboninyibuka** intara ya Burunga;

* Général de Brigade **Victor Segasago** intara ya Butanyerera;

* Umushingantahe **Liboire Bigirimana** agiye kurongora intara ya Gitanga.

Ibishasha no mu makomine.

Umukuru w'igihugu yarashize umukono no kw'itegeko rigena abanyamahanga nshingwabikorwa b'amakomine uko ari 42.

Abagenywe ni aba :

Intara ya Buhumuza igizwe n'amakomine 7:

1. **Butaganzwa:** Ahi-shakiye Alvère

2. **Butihinda :** Habimana Arcade

3. **Cankuzo :** Gifunuguru Roger

4. **Gisagara :** Dusenge Evelyne

5. **Gisuru :** Niyibona Eléonore

6. **Muyinga :** Niyonizi-giye Dieudonné

7. **Ruyigi :** Ndakazi Séverin

Intara ya Bujumbura igizwe n'amakomine 11:

1. **Bubanza :** Nduwumukama Joachim

2. **Bukinanyana :** Niyonkuru Augustin

3. **Cibitoke :** Ndayike-ngurukiye Mitterand

4. **Isare:** Nibigira Gédéon

5. **Mpanda :** Nyandwi Isaac

6. **Mugere :** Havyarimana Lénus

7. **Mugina :** Bahati Claudette

8. **Muhuta :** Nimbona Alexis

9. **Mukaza :** Bucumi Evariste

10. **Ntahangwa :** Nyabenda Masudi

11. **Rwibaga :** Ntibampamate Isaac.

Intara ya Burunga igizwe n'amakomine 7:

1. **Bururi :** Nduwimana Ferdinand

2. **Makamba :** Nshimirimana Anicet

3. **Matana:** Nduwayo Grégoire

4. **Musongati :** Ntahondonkeye Emmanuel

5. **Nyanza :** Ntaconzobitandekuye Gloriose

6. **Rumonge :** Ndayirukiye Emelyne

7. **Rutana :** Nyandwi Jo-vith

Intara ya Butanyerera igizwe n'amakomine 10:

1. **Bugendana:** Bukeyeneza Patrice

2. **Busoni :** Nzisabira Rénovat

3. **Gishubi:** Sinzobashirwako Joseph

4. **Kayanza :** Komezadusabe Justine

5. **Kiremba :** Ndikumugongo André

6. **Kirundo:** Rukundo Suavis

7. **Matongo:** Kanani Robert

8. **Muhanga:** Nsengiyumva Aristide

9. **Ngozi:** Uwimana Ange Nadège

10. **Tangara:** Misago Philbert.

Intara ya Gitega igizwe n'amakomine 7:

1. **Gitega:** Ninahaza Micheline

2. **Karusi:** Nkurunziza Jean Paul

3. **Kiganda:** Niyimbona Stany

4. **Muramvya:** Nsen-

giyumva Joselyne

5. **Mwaro:** Kaneza Carine

6. **Nyabihanga:** Manirambona David

7. **Shombo:** Nkeshimana Josias.

Ububasha bw'umunyamabanga wa Komine.

Abwirizwa kuba afise urupapuro rw'umutsindo rwa kaminuza kandi akaba amaze n'imiburi-buri imyaka 5 atunganya ivy'igihugu canke yari asanzwe yajewe ibindi bikorwa.

Amaze kugenwa, ategerezwa guca aja kuba muri komine yagenyemwo kuva umunsi ingingo imwemerereje.

Tubibutse ko akazi ka ba buramatari bahora ari 17 harimwo n'umukuru w'igisagara ca Bujumbura karaye karangiye. Intara 18 zahahora kuva ubu zitakibaho, hatanguye Uburundi bugizwe n'intara 5 gusa. Amakomine yahora ari 119, agiye kuba 42 ; amazone 339 agiye kuba 451 n'imitumba canke amakartiye yahora ari 3044 agiye kuba imitumba n'amakaritiye 2910, vyose ku buringanire bungana kirometero kwadarato ibihumbi mirongo ibiri n'indwi n'amajana umunani na mirongo itatu na bine (27834 km2).

Hazoba hasigaye ko hatorwa abatwara Inama Mpanuzwajambo z'amakomine be na ba Musitanteri.

Patiri Noël Ntirandekura

Abantu botegera bate ubuzima bwo mw'ibohero (Ibikurikira)

1. Hari ico abantu bari mw'ibohero botwigi-sha?

Ahari abantu hose naho hatabura uruntu runtu, na Mutima arahagendera agatangaza abantu :

- Ibohero ni iwabo wa twese: abatumwa barafunzwe, Yohani Batista, aberanda (Maximiliano Kolbe). Ku ntwaro ya Prezida Bagaza abasaserdoti barafunzwe ; Musenyeri Nduhirubusa yarabaye imbohe y'imigwi irwana mu Kibira; abakuru, banyarucari, twese twokwisangayo ;

Nta muntu yitiranwa n'ivyamushikiye.

- Umwe wese arafise ibohero ntavugwa, nge-ndanwa, yiyubakiye: ubusuma, ubwicanyi, akarenganyo, ishari, inzigo idacika; iri ryo mbere ni ribi cane kuko rijana n'izindi ngeso mbi z'ukwiyorobeka. Iryo bohero ni ryo Yezu yaje gusitura mu mitima yacu.

Ingendo yo guhinduka ni iya twebwe twese.

Yezu yazutse no mw'ibohero arashikanayo umuco wiwe.

Mu buzima bw'umunyororo dusangayo ya migwi yose yadondaguye dusanga kwa Matayo 25, 31-46.

Ehe rabe namwe :

- Inzara, benshi barayamana ;
- Inyota ni ko k'uko ;
- Ukugwara ;
- Ukuba kavantara ;

• Ukutagira agahuzu

Duca dutegera ingene Papa yashimitse gose ngo uwakristu wese, cane cane abungere bacu twese, tuvire hasi rimwe tuvugire abavukanyi bacu bagorewe mu busho butandukanye hirya no hino.

Inyifato y'imbohe mu kibanza irimwo ?

- Gutsinda ishavu, kwiya-kira ;

- Kubana neza n'abandi ;
- Gukurikiza amategeko y'ikigo ;

- Kwiyegezeza Imana gusumba uko wahora ;

- Kwirinda kurema mu mutima inzigo no kurondera kwihora ;

- Kuragiza abawe Yezu Mwungere mwiza ;

Bafise ivyo bakwagiriza bihwanye n'ivyo wakoze, ni akaryo ko kwikebuka, kwinegura no kwigaya ngo ubohoke ku mutima, wemange ivyaha wakoze kuko niho uzoroka inguvu zo gushobora kubohoka.

- Gushira ahabona ingabirano ukazifashisha abandi (umuziki) ukujisha, n'ibindi.

- Kubana nk'abavandimwe basangiye umusaraba, mu kuremeshanya no mu gufashanya ;

Inyifato none ibereye twebwe abidegemvya imbere y'abo bavukanyuri ni iyahe ngo tubasubize umwizero ?

Guhindura indabo n'inyifato imbere y'uwo mugwi.

- Umufungwa ni mwene wacu, yaratsitaye nkuko nawe vyogushikira ;

- Imbohe ikwibutse ko nawe utabuze imizana ikuboshe maze aho kumutuma urutoke ubanze wewe nyene wikebuke ; dushobora kugira udusho ngendanwa twidugirije ;

- Nta mbohe n'imwe yitiranwa n'ivyaha yagirizwa ; hari itandukanirizo rikomeye hagati y'imbohe n'ivyaha bimufunze ;

- Wibuke ko nawe, canke abawe, abagenzi bawe, ushobora gutabwa mu mvuto ku bw'imvo zitandukanye, uheze usonere, ufashe abafunzwe ;

- Wishire mu kibanza ca bo maze wiyumvire ico wokwifuzwa ko bokugirira nawe ube uwambere mu kukibagirira ;

- Kurya mu munyororo dusangamwo ba barushwa, urabe ko nawe batoba buzuye mu mutima wawe : inzara, inyota, ukugenda gusa, ukuba inyambukira, ingwara.

Inyifato y'umuryango ?

Iyo ari umugore asigaye mu rugo :

- Nta kwifata nk'umupfakazi-maganya-magorwa ; kwitwararika ivy'urugo ntihagire uwugucishamwo ijisho ; ahavuye umugabo hasigara uwundi ;

- Kwegeranya abana ;
- Kurwanira itunga ry'urugo ;

- Kwiyakira mu kwakira uruvuguru rubi rw'ababanyini ;

- Kugemurira uwawe ako bishoboka kwose ; kujana n'abana kuramutsa umuvyeyi ;

- Kwama umusabira n'abana ;

- Naho yoba ari we yakugiriye nabi, bika-mukwegera umunyororo, ntutambe, ntutereke ngo «Imana ihora ihoze»; ihi bambewe. Wibuke ivyo mwasangiye ko ari vyo vyinshi kandi vyiza ;
- Usabe umutima wo kumurekurira ;

- Umurabire idosiye wumvise ko idatera imbere ;

- Abaryango boja hamwe bagafashanya kuraba uwabo

Umubano, abazimyumuriro, ntibotangwa gushira hamwe no kuja imbu mu kugarukira k'uwufunzwe wabo. Umubano rukristu muto muto, nka kurya kw'abakristu ba mbere wovytwararika mu guhimiriza.

Kurema umugwi w'abakunzi b'imbohe mu mubano rukristu muto muto : igisabisho, iki-rengere, ugusabikanya, ukuraba dossier etc (témoignage yo mu Ruyigi) aliyo.

Biracaza

Patiri Eugène NSANZERUGEZE, arongoye igisata gishinzwe Ubutumwa n'inyigisho ndoramana mu Nama y'Abepiskopi Katolika b'i Burundi, akaba ari nawe arongoye kuri urwo rwego Umugwi mpanuzwajambo ushinze ivya Yubile.

Uburenganzira bw'ukwishira n'ukwizana

Umuntu wese arafise uburenganzira bw'ukwishira n'ukwizana.

Tuja gushimikira ku burenganzira bwo kwishira no kwizana vya muntu mu kwiyumva ko atekaniwe, kwishira no kwizana vya muntu mu gushikiriza icyumviro, kwishira no kwizana vya muntu mu kwemera kwiwe no kuja mw'idini ashatse.

Tukaja gusozerera ku kwishira no kwizana vy'abantu mu kwitunganiriza ivyerekeye ubuzima bw'igihugu.

Kuri buno burenganzira bwose duhejeje kudondagura, tuja kurabira hamwe ingene butegakanijwe, haba mu mategeko mpuzamakungu ndetse no mu mategeko y'Uburundi.

1. Ingene amategeko mpuzamakungu ategakanya uburenganzira bw'ukwishira n'ukwizana vya muntu.

a. Mu kwiyumva ko atekaniwe.

Ingingo ya 1 y'itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu, irahumuriza kiremwa muntu mu vyerekeye umutekano wiwe kuko ivuga ko abantu bose bavuka bishira bakizana kandi bangana mu gatega no mu ngingo zibubahiriza.

Ingingo y'9 nayo iza gushimangira iya 1 kuko ivuga ko ata muntu n'umwe ashobora gufatwa, gutabwa mw'ibo-



hero canke kwangazwa, bidaciye mu mategeko, ategerezwa kuguma yubahirijwe mu burenganzira bwiwe bwo kwishira no kwizana.

b. Mu kwiyumvira no gushikiriza icyumviro.

Kiremwa muntu, arafise uburenganzira bwo kwishira akizana mu guserura icyumviro ciwe.

Tubisanga mu ngingo ya 19 y'itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu ivuga ko umuntu wese afise uburenganzira bwo guserura ivyiyumviro vyiwe.

Ni ukuvuga ko ata muntu yogira umutima uhagaze ku vyerekeye ivyiyumviro vyiwe, ko ashobora kurondera n'ukumenyesha amakuru n'ivyiyumviro mu mihingo yose, mu buryo ubwo ari bwo bwose, ariko yubahirije amategeko bijanywe, kandi yubahirije uburenganzira bwa mugenziwe.

Ivyo turabisanga kandi mu gace ka 2 k'ingingo y'9 y'amasezerano ya Afrika yubahiriza agatega ka zina muntu n'ak'abenegihugu.

c. Mu kugira ukwemera kwiwe no kuja mw'idini ashatse.

Amasezerano mpuzamakungu yerekeye uburenganzira bw'abantu mu kwitunganiriza ivyabo no mu vyerekeye poritike yarategakanije mu ngingo ya 18 ko, umuntu wese afise uburenganzira bwo kwidagemevywa mu vyiyumviro vyiwe, mu mutima wiwe no mu kwemera kwiwe.

Ubwo burenganzira bu-muha kwidagemevywa no kwitorera idini ashatse, we nyene ubwiwe canke ari kumwe n'abandi, mu gusenga canke mu gukurikiza imigenzo y'iryo dini, canke mu kuyigisha.

d. Ukwishira n'ukwizana kw'abantu mu kwitunganiriza ivyerekeye ubuzima bw'igihugu.

Itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu rishimikira ku kwikurako intwari mva-mahanga (ubukoroni) no ku kugene abenegihugu bashobora kwitunganiriza ubuzima bw'igihugu biserukiye bonyene canke bakabacisha ku babaserukira.

Tubisanga mu ngingo ya 21 yaryo ivuga ko umuntu wese afise uburenganzira bwo kugira ijambo mu ntwaro y'igihugu ciwe, agatanga icyumviro c'ingene igisata iki canke kiriya mu bisata bigize ubuzima bw'igihugu cotunganywa, akabigira yiserukiye we nyene ubwiwe canke abicishije ku bamuserukira batowe mu matora atunganijwe neza.

N'ingingo ya 25 y'amasezerano mpuzamakungu yerekeye uburenganzira bw'abantu mu kwitunganiriza ivyabo no mu vyerekeye poritike, irashimangira ivyo bivuzwe mw'itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu kuko ivuga ko umwene-gihugu wese afise uburenganzira n'ububasha, ata gucagura na kumwe, bwo gushobora kuja mu vyo kurongora igihugu, we nyene ubwiwe canke biciye ku bantu yitoye mu mwidagemevo, kugira bitunganirize ivyerekeye ubuzima bw'igihugu.

Mu bijanye no kwitunganiriza ubutunzi, n'amatungo ndangagihugu (imibano n'imico kama), amasezerano mpuzamakungu yerekeye uburenganzira bw'abantu mu vy'amatungo imibano n'imico kama, yarategakanije mu gace ka mbere k'ingingo ya 1 ko abantu b'ibihugu vyose bafise uburenganzira bwo kwishira bakizana.

Kubera ubwo bure-

Uburenganzira bw'ukwishira n'ukwizana

(Bitangurira ku rup.10)

nganzira, ni bo bishin-gira intwaro bako-ngerabakishingira mu mwi-degemvyo ukuntu biteza imbere mu vy'ubutunzi, mu mibano no mu mico kama.

Iyi ngingo ibandanya ivuga ko kugira bashikire ico bishinze, abantu b'ibihugu kimwe kimwe ukwaco, barashobora gukoresha mu mwidegemvyo ubutunzi bw'abo n'amatungo ndangagihugu, mu gihe ata co vyonyonye mu biranga ugufashanywa kw'amakungu mu vy'ubutunzi, bifatiye ku neza ya bose n'amateka mpuzamakungu.

No mu mategeko y'Uburundi, harategakanijwe kwishira no kwizana mu burenganzira butandukanye.

2. Ingene amategeko y'Uburundi ategakanywa uburenganzira bw'ukwishira n'ukwizanakwa muntu.

a. Mu kwiyumva ko atekaniwe

Nk'uko ingingo ya 25

y'Ibwirizwa Shingiro ibivuga, umuntu wese afise uburenganzira bwo kwishira no kwizana mu buzima bwiwe, nko kudasinzikarizwa amagara ku mubiri canke mu mutwe kandi akagira uburenganzira bwo kuja iyo ashaka.

Nta muntu n'umwe ashobora gusinzikarizwa ubuzima, ngo afatwe nk'inyamaswa canke akurweko agateka.

b. Mu kwiyumvira no gushikiriza icyumviro.

Uburenganzira bwa muntu bwo kwidegemvya mu gushikiriza icyumviro ciwe, butegekanijwe mu ngingo ya 31 y'Ibwirizwa Shingiro ivuga ko umuntu wese afise uburenganzira bwo gushikiriza ivyiyumviro vyawe.

N'aho uburenganzira bwo gushikiriza icyumviro butegekanijwe n'amategeko mpuzamakungu hamwe n'amategeko y'igihugu c'Uburundi, iyo umuntu yinyegeje inyuma y'ubwo burenganzira agakora ibinyuranye n'amategeko, ibwirizwa n°1/19



ryo ku wa 14 nyakanga 2018 rigenga ibimenyeshamakuru mu Burundi, ryarategekanije ivyo kwiyubara.

Tubisanga mu ngingo ya 53 hamwe no mu ya 55 yaryo.

Ingingo ya 53 ivuga ko «umumenyeshamakuru wese ategerezwa kwirinda ico cose cotuma ashikiriza inkuru itari yo kugira ntakurikiranwe n'ubutungane».

Ingingo ya 55 nayo ivuga ko «umumenyeshamakuru canke uwundi wese ariko arashikiriza inkuru ategerezwa kwubahiriza ivyiyumviro vy'abandi mu vyerekeye poritike, ukwemera canke ivy'abandi bose, ariko arashikiriza inkuru, n'aho ivyiyumviro vya-bo vyoba binyuranye na rwiwe».

c. Mu kwemera kwiwe no kuja mw'idini ashatse.

Nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 31 y'Ibwirizwa Shingiro, umuntu wese arubahirizwa mu bwigenge bwiwe bwo kuja mw'idini ashaka, bw'ukwiyumvira no gukurikiza umutimanama wiwe.

d. Ivyerekeye ukwitunganyiriza ubuzima bw'igihugu.

Nk'uko bitegekanijwe mu ngingo y'7 y'Ibwirizwa Shingiro, abenegihugu ni bo soko ry'ubutegetsi mu gihugu, ni bo bitorera mu mwidegemvyo ababaserukira ngo barangure amabanga y'intwaro canke bakifatira bonyene ingingo zirongora igihugu biciye mu matora.

Mu gusozera, twomenya ko kwishira no kwizana vya kiremwa muntu buhagaze ku burenganzira butandukanye, ariko twashimikiye ku burenganzira bwo kwiyumva ko atekaniwe, gushikiriza icyumviro, kugira ukwemera kwiwe no kuja mw'idini ashatse, hamwe rero no kwidegemvya mu vyerekeye kwitunganyiriza ubuzima bw'igihugu.

Ubwo burenganzira bwose burategakanijwe haba mu mategeko mpuzamakungu ndetse no mu mategeko y'Uburundi.

Ikigo kijejwe guteza imbere agateka ka zina muntu no gukinga ihonyabwoko
«CPDHPG»



Imboneka rimwe: Diyoseze Bubanza yaraye yungutse abasaserdoti 10 n'abadiyakoni 7

Paruwase Mugabekazi w'Amahoro ya Munyika ni imwe mu ma Paruwase 19 agize diyoseze Bubanza, ikaba ari yo yatowe n'Umwungere ngo yakira ibirori vyo kwatira abasaserdoti n'abadiyakoni muri iyo diyoseze.

Abakristu isinzi, abasaserdoti bababa 100, abaserukira abandi mu nzego zitandukanye mu ntara ya Bubanza bari baje kuratira ijisho kuko muri abo bakristu hari mwo abatari bwakubite ijisho Umwungere mushasha bari baherutse kugabana.

Hari kandi na Muse-nyeri Yohani Ntarwarara yahoze arongoye iyo diyoseze, ariko ubu akaba ari mu karuhuko k'izabukuru.

Ibirori nyezina vy'uwo musi w'igenekerezo rya 5 Mukakaro 2025, vyatanguwe n'urugendo rwavuye mu ngoro y'Imana, rwerekeza ku kibuga c'amashure ya Munyika ya mbere n'ya kabiri ahari hateguwe ngo habere iby'ibirori.

Abatewe iteka ryo kwatirwa mw'ibanga ry'ubusaserdoti -busuku ni imisore 10, abo nabo ni :

1. Diakoni Bazayuwundi Adelin avuka muri Paruwase Bubanza;
2. Diyakoni Hagabimana Justin avuka muri Paruwase Cibitoke;
3. Diyakoni Hakizimana Alexis avuka muri Pa-

ruwase Cibitoke;

4. Diakoni Ndayizeye Privat avuka muri Paruwase Murwi;

5. Diyakoni Ndiho-kubwayo Wilson-Eric avuka muri Paruwase Munyika;

6. Diyakoni Nduwayo Leonce avuka muri Paruwase Musigati ;

7. Diakoni NIYITANGA Pacifique avuka muri Paruwase Cibitoke ;

8. Diyakoni Ntiranyibagira Simon Jean Petit avuka muri Paruwase Mabayi ;

9. Diyakoni Twambazimana Ernest avuka muri Paruwase Ngara

10. Diyakoni Nduwayo Jean Marie umumisiyoniari (Yavukiye Paruwase Butara, ubu yimukiye muri Paruwase Cibitoke).

Haratewe iteka ka-ndi imisore 7 yatiwe mw'ibanga ry'ubudiyakoni, imisore 10 nayo igabana igice c'ubukorezi, iyindi misore 10 igabana igice c'ubusomyi.

Mu kwitsa Ijambo ry'Imana, Musenyeri Emmanuel Ntakarutimana, Umwungere wa Diyoseze Bubanza, yaramenyeshye abo bagire batirwe ko ata nyamwigemdako abaho muri iryo banga ry'ubusaserdoti kandi ko ata vyo gusiganwa mu kuja kuro nderera ubuhirwe bwabo ahatari ho. Umusaserdoti abwirizwa gu-

himbarwa nyabuna no gukunda abo ashinzwe, akabitaho, akabasabira, akanabaremesheza umwizero bafise mu Mana.

Yarasavye abakristu bari aho kwama babasabira kugira ngo bagumye nzira yo gukurikira Kristu kuko ubwo bumwe bwabo n'Imana, ni wo mushinge muzima ibanga ry'ubusaserdoti ryubakiye.

Mu vyo umusaserdoti yasizwe amavuta abwirizwa rero, harimwo guhuzabantu no kuremeshe amahoro.

Ivyimbirwa ni vyinshi ariko abakozi ni bake kuko muri iyo Paroisse ya Munyika urwaruka ntirurahurumbira ivyitorwa kuko ifise abasaserdoti 3 b'imvukira hamwe n'umwe yatiwe uwo musi, ariko muri abo umwe yaramaze gushe-ngera.

Abo nabo ni :

- Patiri Agathon Nahimana yashengeye mu 1995,
- Patiri Nzeyimana Dieu-donné
- Patiri Edouard Irakoze
- Patiri Wilson Eric Ntiranyibagira

Hari ababikira 5 (bari mu miryango y'Ababikira b'Indavyi: Benedictine, no mu Murungu Mweranda) n'umufurera Mwene Yozefu.

Tubamenyeshe ko diyo-

seze Bubanza kuva yakabaho, ari imboneka rimwe, aho :

1. Paruwase Munyika mu myaka 5 n'amezi 10 imaze, habera ibirori nk'ivyo,

2. Musenyeri Emmanuel Ntakarutimana aherutse gutorerwa kurongora iyi diocese Bubanza, yatira abasaserdoti,

3. Igabana ry'abasaserdoti 10, abadiyakoni 7, abakorezi 10 n'abasomyi 10. Dushimire Imana.

Ivyo birori bikaba vyahimbajwe ku civugo ngo : « Mutima w'Umukama ari kuri jewe, kuko yanyesha amavuta ngo menyeshe inkuru nziza aboro » nk'uko ubisanga mu Nkuru nziza ya Luka 4,18.

Chanel HARINGANJI

Mukama,

*Dutabaze abasaserdoti benshi beranda:
Bo guhereza iminsi yose inkuka y'imisa;
Bo kubatiza abantu;
Bo kudushikiriza ikigongwe c'Imana;
Bo kuremesha abagwaye n'abacikana;
Bo kuduhezagira amazu n'imirima;
Bo kugusenga no kugushe-meza;
Bo kutwigisha kukumenya no gukunda;
Bo kuturongora mu nzira ija i Bukama;
Bo kuturemesha mu bituremereye;
Bo kukumenyesha abatarakumenya.*

Amen.